

Responsab Lekòl Piblik Boston yo pran angajman pou asire siksè tout elèv lekòl nou yo — pami yo sila ki poko pale Anglè trè byen yo — dekwa pou yo tout ka resevwa pi bon edikasyon posib la.

Dapre lalwa, tout elèv lekòl ki poko ka pale Anglè trè byen (ELLs) dwe resevwa kou Anglè kòm dezyèm lang (English as a Second Language -ESL) pou ede aprantisaj yo jiskaske yo vin maton nan lang nan tankou natif-natal yo. Pwogram ki la pou sèvi timoun ki ap aprann Anglè yo dwe chita sou bonjan teyori edikasyon, epi se pwofesè antrene ki sèvi ak materyèl ki prepare pou yo ki dwe ede yo aprann Anglè vitebyen.

Pou nou ka respekte sa lalwa reklame epi founi edikasyon ekselan bay tout elèv nou yo ki ap aprann pale Anglè, Biwo “Office of English Language Learners” ap mete anplas imedyatman kèk gwo amelyorasyon nan kèk lekòl piblik nan enterè timoun k ap aprann pale Anglè yo.



Kijan nou ap ranfòse pwogram pou timoun ki ap aprann pale Anglè yo?

- ▶ Nou ogmante kapasite pwogram yo toujis pou timoun k ap aprann pale Anglè yo (ELLs).
- ▶ Nou ap travay pou tabli pwogram SEI nan lekòl ki toupre kominote kote elèv yo ap viv.
- ▶ Nou chanje fason yo atribiye timoun ELL yo plas nan lekòl. Apati mwa janvyè 2010, nou ofri tout timoun k ap aprann pale Anglè yo pwogram SEI epi nou garanti yo sèvis pou devlope langaj yo.
- ▶ Nou ap prepare plis pwofesè ki kapab travay ak timoun k ap aprann pale Anglè yo efikasman.
- ▶ Nou chèche epi achte materyèl apwopriye pou anseye pi byen timoun k ap aprann pale Anglè yo.
- ▶ Nou louvri lekòl “Newcomers’ Academy” ki la pou sèvi moun ki fenk vini yo, timoun k ap aprann pale Anglè ki gen laj pou lekòl segondè yo, ak yon sant elaji ki rele “Newcomers Assessment and Counseling Center” pou teste devlopman langaj yo epi konseye yo sou chwa lekòl yo genyen.
- ▶ Nou ap travay pou kreye epi kenbe yon klima bra louvri pou akeyi timoun k ap aprann pale Anglè yo.



Kisa ki “Sheltered English Instruction” an?

“Sheltered English Instruction” pwokire timoun k ap aprann pale Anglè yo yon bon sipò. **Elèv ki idantifye tankou timoun k ap aprann pale Anglè yo dwe konsidere ak anpil atansyon yon pwogram SEI (Sheltered English Instruction).**

Nan tout klas SEI yo, elèv yo suiv kou Anglè kòm dezyèm lang (English as a Second Language -ESL) ansanm ak matematik, syans, istwa/etid sosyal, lekti epi redaksyon. Kou yo, liv ak materyèl yo fèt toutespre pou timoun k ap aprann pale Anglè yo epi yo anrapò ak pwogram ofisyèl leta reklame yo.

Gen de tip pwogram langaj pou SEI:

Pwogram SEI ak Langaj Espesifik

pou elèv ki pale lakay yo Panyòl, Kreyòl Ayisyen, Kapvèdyen, Chinwa ak Vyetnamyen

- Tout elèv ki nan pwogram sa yo pale menm lang nan.
- Anplwaye Bileng/bikiltirèl disponib pou sèvi elèv ak fanmi yo nan pwogram ak langaj espesifik yo.
- Nou fè klas an Anglè tankou yon dezyèm lang (ESL).
- Kou yo prepare espesyalman epi fèt yon fason pou yo respekte pwogram “Massachusetts Curriculum Frameworks” ni pou Anglè ni pou lòt matyè yo.
- Materyèl andiplis vin kore enstriksyon epi apiye aprantisaj lang Anglè ak devlopman lòt matyè yo pou ELL yo.

Pwogram SEI

pou elèv ki soti kote yo pale lang diferan

- Tout elèv ki nan pwogram sa yo pa pale menm lang e yo gen eritaj lengwistik diferan.
- Nou fè klas an Anglè tankou yon dezyèm lang (ESL).
- Kou yo prepare espesyalman epi fèt yon fason pou yo respekte pwogram “Massachusetts Curriculum Frameworks” ni pou Anglè ni pou lòt matyè yo.
- Materyèl andiplis vin kore enstriksyon epi apiye aprantisaj lang Anglè ak devlopman lòt matyè yo pou ELL yo.

Kisa ki pral pase oka mwen pa ta chwazi yon pwogram ki fèt pou moun ki ap aprann Anglè pou pitit mwen an?

Nou kwè pwogram “Sheltered English Instruction” se pi bon opsyon pou timoun k ap aprann pale Anglè yo pou ede yo aprann lang nan viteprese epi kontinye etid yo ak siksè nan edikasyon jeneral (klas an Anglè sèlman) lè yo pare.

Elèv ELL ki chwazi pwogram edikasyon jeneral toujou kapab resevwa sèvis ak kou pou devlope lang Anglè yo. Biwo “Office of English Language Learners” ap toujou kontinye rekòmande pwogram aprantisaj lang pou fanmi ki gen elèv ELL ki pa demontre pwogrè nan edikasyon jeneral.

Ki kote yon timoun ki ap aprann Anglè ak fanmi li ka jwenn konkou pou ede yo?

- ▶ Sant Resous pou Lafanmi yo (FRC) gen anplwaye antrene pou ede yo konprann epi pran bon desizyon yo.
- ▶ Sant “BPS Newcomers Assessment & Counseling Center” founi konsèy pèsònèl ak sipò.



Newcomers Assessment & Counseling Center

Madison Park Complex
55-75 Malcolm X Blvd.

☎ 617-635-1565 ■ Fax: 617-635-8332

Lè travay regilye:

Lendi rive vandredi ■ 8:00 am–5:00 pm

Sant Resous Pou Lafanmi (FRC)

Lè travay regilye pandan ane lekòl 2010-2011 la:

Lendi rive vandredi: 8:30 am–5:00 pm

6 oktòb, 3 novanm, 1 desanm, 6 avril,

4 me ak 1 jen: 8:30 am rive 1:30 pm

ZÒN LÈS (EAST ZONE):

1216 Dorchester Ave., Dorchester

☎ 617-635-8015

Yo pale Kapvèdyen, Anglè, Franse, Kreyòl Ayisyen, Pòtigè, Panyòl ak Vyetnamyen

ZÒN NÒ (NORTH ZONE):

75 Malcolm X Blvd., Roxbury

☎ 617-635-9010

Yo pale Chinwa (Cantonese), Kapvèdyen, Anglè, Chinwa (Mandarin), Pòtigè ak Panyòl

ZÒN LWÈS (WEST ZONE):

515 Hyde Park Ave., Roslindale

☎ 617-635-8040

Yo pale Kapvèdyen, Anglè, Franse, Kreyòl Ayisyen, Pòtigè ak Panyòl

Lekòl Piblik Boston

Biwo English Language Learners

Eileen de los Reyes, Assistant Superintendent

Nan adrès Harbor Middle School

11 Charles Street, Dorchester, MA 02122

☎ 617-635-9435 ■ Fax: 617.635.8322

Se BPS Office of Family & Student Engagement ak BPS Communications Office ki te kreye dokiman sa a an kolaborasyon

Septam 2010

Yon Mesaj Enpòtan pou Fanmi Elèv ki ap Aprann Pale Anglè yo



Carol R. Johnson
Responsab Anchèf Lekòl yo